# XIX ÁSIR AQÍRÍ – XX ÁSIR BASÍNDA ÁMIWDÁRYA BÓLIMINDEGI QAMAQXANALAR ISKERLIGINIŃ TARIYXÍY ANALIZI

**Mamutov Marat Mámbetmuratovich** – *oqıtıwshı*
mamutovmarat41@gmail.com
*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı akademiyalıq liceyi*

# ИСТОРИЧЕСКИЙ АНАЛИЗ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ ТЮРЬМ В АМУДАРЬИНСКОМ ОТДЕЛЕ В КОНЦЕ XIX - НАЧАЛЕ XX ВЕКА

**Мамутов Марат Мамбетмуратович** – *преподаватель*
*Академический лицей Нукусского государственного педагогического института*

# A HISTORICAL ANALYSIS OF THE ACTIVITIES OF THE PRISONS IN THE AMUDARYA DIVISION IN THE LATE 19Th – AND EARLY 20Th CENTURIES

**Mamutov Marat Mambetmuratovich** – *teacher*
*Academic Lyceum of the Nukus State Pedagogical Institute*

**Tayanch so'zlar:** qamoqxonalar tizimi, Turkiston o'lkasi, Amudaryo bo'limi, Chimboy, Petro-Aleksandrovsk, senator K.K.Palen, milliy-ozodlik harakatlari, mahbuslar, qamoqxonalar tartibi.

**Rezyume.** Maqolada XIX asr oxiri – XX asr boshlarida Amudaryo bo'limidagi qamoqxonalar, ulardagi shart-sharoit, tartib va mahbuslarning ahvoli tahlil qilingan. Tadqiqot davomida Chimboy va Petro-Aleksandrovsk (To'rtko'l) dagi qamoqxonalarning qanday tashkil qilinganligi, qamoqxona boshliqlari va xodimlarining faoliyati, qamoqxonalarning Rossiya imperiyasining mustamlakachilik siyosatida tutgan o'rni ochib berilgan.

**Ключевые слова:** тюремная система, Туркестанский край, Амударьинский отдел, Чимбай, Петро-Александровск, сенатор К.К.Пален, национально-освободительные движения, арестанты, тюремный распорядок.

**Резюме.** В статье анализируются тюрьмы Амударьинского отдела конца XIX - начала XX веков, их условия, распорядок и положение заключенных. В ходе исследования раскрывается организация тюрем в Чимбае и Петро-Александровске (Турткуле), деятельность тюремного руководства и служащих, а также роль тюрем в колониальной политике Российской империи.

**Key words:** prison system, Turkestan region, Amu-Darya division, Chimbay, Petro-Aleksandrovsk, senator K.K.Palen, national liberation movements, prisoners, prison regime.

**Summary.** This article analyzes the prisons of the Amu-Darya department in the late 19th and early 20th centuries, their conditions, regulations, and the situation of the prisoners. The study reveals the organization of prisons in Chimbay and Petro-Aleksandrovsk (Turtkul), the activities of the prison administration and staff, as well as the role of prisons in the colonial policy of the Russian Empire.

**Kirisiw.** Hár bir koloniyallıq mámleket ushın ózine ǵarezli aymaqlardı baǵınıshlı etip uslap turıw, jergilikli xalqın qatań qadaǵalaw astında saqlawda jazalaw organları, qamaqxanalar sisteması ayrıqsha áhmiyetke iye. Sonlıqtan XIX ásir aqırı – XX ásir basında Rossiya imperiyası óziniń koloniyası bolǵan Túrkstanda, sonıń ishinde Ámiwdárya bóliminde de ózine tán qamaqxanalar sistemasın jaratıwǵa háreket etken. Úlkede shólkemlestirgen qamaqxanalardıń tiykarǵı wazıypası jınayatshılıqqa qarsı gúres emes, al patsha húkimetine qarsı shıqqan sıyasıy tutqınlardı, qozǵalańshılardı saqlaw esaplanǵan.

**Ádebiyatlar analizi.** XIX ásir aqırı – XX ásir basındaǵı Ámiwdárya bólimindegi qamaqxanalar teması tariyxımızda kem izertlengen. Rossiya imperiyasınıń qamaqxanaları haqqında jazǵan E.M.Barancevich, M.N.Galkin-Vravskiy, M.M.Isaev, P.A.Kashkarova, J.Kennan, A.P.Pechnikov h.t.b. avtorlar óz miynetlerinde Túrkstan úlkesindegi qamaqxanalarǵa da toqtalıp ótken [4:201]. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxshılarınan bolsa bul temaǵa N.Maxmudova, H.Ziyoyev, S.Kamalov, R.Qosbergenov, J.Ubbiniyazov, Ya.Dosumovlar óz miynetlerinde azı-kem toqtalıp ótken. Usı temadaǵı tiykarǵı dereklerden biri 1908-1909-jıllarda Túrkstandı tekseriwge kelgen Rossiya Senatınıń revizorı K.K.Palenniń "Qamaqxana isi" maǵlıwmatnaması bolıp, onda Petro-Aleksandrovskta (házirgi Tórtkúl) jaylasqan qamaqxanaǵa tikkeley toqtalıp ótilgen [7:3].

**Tiykarǵı bólim.** Patsha Rossiyası 1873-jılı Xiywa xanlıǵın boysındırǵannan keyin dúzilgen Gendimian shártnamasınıń 2-bántine muwapıq, burın Xiywa xanlıǵı soramında bolıp kelgen Ámiwdáryanıń oń jaǵalıq bólegi Rossiya quramına kirgizildi [1:51]. Ámiwdáryanıń sol tárepi Xiywa xanlıǵı quramında qaldırıp, qaraqalpaqlar ekige bólindi. Oń jaǵalıqta jasap otırǵan xalıqlardıń basım kópshiligi qaraqalpaqlar bolıp, dáslep bul aymaq Ámiwdárya okrugı 1874-jıldan baslap bolsa Ámiwdárya bólimi dep ataldı. Ámiwdárya bólimi dáslep tikkeley Túrkstan general-gubernatorlıǵı quramına kirgen bolsa, 1886-jıldan general-gubernatorlıq quramındaǵı Sırdárya walayatınıń quramına qosıp jiberildi [1:51]. Ámiwdárya bólimi Shımbay hám Shoraxan uchastkasına bólinip, uchastkalar óz gezeginde bolıslıqlarǵa (Shımbay uchastkasında dáslep 9, soń 12 bolıslıq, Shoraxanda 7 bolıslıq) bólingen. Sol dáwirden baslap bólimde jasawshı qaraqalpaqlar ushın Rossiya imperiyasında ámelde bolǵan sud sisteması, jazalaw organları hám qamaqxanalar sisteması engizildi.

Kópshilik tariyxshılardıń izertlewlerinde Shımbay hám Petro-Aleksandrovskte (házirgi Tórtkul qalası) oraylıq qamaqxanalardıń bolǵanı keltirilip ótilgen [3:183]. Bunnan tısqarı hár bir uezd hám volostlarda ayıpkerlerdi waqıtsha saqlaw orınları bolǵan. Senator K.K.Palen Túrkstandaǵı uezd basshıları qol astındaǵı jergilikli xalıqtan qálegen adamǵa járiyma salıw yamasa 7 kúnge qamap qoyıwı múmkin bolǵanlıǵı haqqında toqtalıp ótedi [6:202]. Bunday

“ayıpkerler” uezd yamasa volost qamaqxanalarına taslanǵan. Túrkstan general-gubernatorlıǵında jaylasqan hámme qamaqxanalar 1879-jılı shólkemlestirilgen Rossiya imperiyası Qamaqxana bas basqarmasına boysınǵan, biraq aymaqtıń uzaqlıǵı sebepli jergilikli basshılar úlken wákilliklerge iye bolǵan [6:456]. Dáslep Ishki isler ministrligi, soń Ádillik ministrligine boysındırılǵan bul basqarma pútkil imperiya boylap birden-bir standartlardı engiziwge háreket etken.

Jergilikli xalıqtıń narazılıq háreketlerinen keyin onda qatnasqanlar jazaǵa tartılıp, Ámiwdárya bólimindegi qamaqxanalarǵa alıp kelingen. Máselen, 1899-jılǵı Tallıqta júz bergen xalıq qozǵalańınan keyin 28-martta tergew, tintiw, qamaqqa alıw baslanǵan. Kóterilis basshılarınan 19 adam qamawǵa alınıp, Petro-Aleksandrovsk qalasına jiberiledi hám bul jerdegi qamaqxanada olar 5 ay saqlanadı [3:155]. 1899-jılı 25-sentyabrde xalıqtıń narazılıǵın páseytiw maqsetinde qamawdaǵılar azat etilip, úylerine qaytarıladı. Bul waqıya tariyxımızda “On toǵız waqıyası” atı menen belgili.

1881-1891-jıllarda qozǵalań kótergen Baba Góklen hám onıń bir neshe jigitleri de Petro-Aleksandrovsk qamaqxanasında saqlanǵan.

Ásirese, 1916-jılı márdikarlıqqa qarsı qozǵalańlar waqtında qamalǵanlar sanı oǵada kóbeydi. Shımbayda júz bergen qozǵalańnan keyin kóterilis belsendilerinen 103 qatnasıwshı, sonıń ishinde 18 hayal dáslep Shımbay tyurmasına, soń Petro-Aleksandrovsk qamaqxanasına jiberiledi [3:183]. Sarıbiydegi qozǵalańnan keyin bolsa 28 adam juwapkershilikke tartılıp, kópshiligi túrli múddetlerge qamaq jazasına húkim etiledi. 1916-jılı iyulda Araldıń qublasındaǵı Moynaq, Úrge, Terbenbes aymaqlarında da xalıq narazılıq háreketleri júz berip, kóterilisshilerden 17 adam Qazalıda (Qazaqstan) jaylasqan qamaqxanaǵa jiberilgen [9:126].

Ámiwdárya bólimindegi qamaqxanalarda Rossiya húkimetine qarsı shıqqan sıyasıy tutqınlar da saqlanǵan. Máselen, Shımbay uchastkasınıń nachalnigi Mileev “Túrkstan úlkesi basqarıw rejesi”niń 64-statyasına muwapıq, jámiyetlik tınıshlıq hám tártipti buzǵanı ushın Shımbaylı 5 adamdı qamaqqa alǵan [2:306]. Túrkstan general-gubernatorınıń “policiyanıń ruqsatısız jıynalıs ótkerilmewi haqqında”ǵı buyrıǵın buzǵanı ushın Shımbayda jámi 15 adam qamaqqa alınǵan. 1905-jılı mart ayında Petro-Aleksandrovsk qamaqxanasınıń vedomostı boyınsha, Xudaybergenov Shaniyaz bolıstıń buyrıǵın orınlawǵa nemquray qaraǵanı ushın, Muwsaev Allayar buyrıqtı orınlamaǵanı ushın, Vasiliy Mitrofanov tınıshlıqtı buzǵanı ushın juwapkershilikke tartılǵan [2:306].

Rossiya imperiyasınıń basqa aymaqlarındaǵı miting hám kóterilislerde qatnasqanı ushın Ámiwdárya bólimindegi qamaqxanalarǵa jazanı ótew ushın jiberilgenler de bolǵan. 1906-jılı “Samarqand” gazetasınıń xabarlawı boyınsha, Samarqandtan Petro-Aleksandrovskke sıyasıy tutqınlardan 10 adam jiberilgen [9:77]. 1905-1906-jılları Tashkentte bolǵan bir qatar mitinglerden soń onıń belsendilerinen bir neshe adam Petro-Aleksandrovskke jiberiledi, olardıń ayırımları 1909-jılı qala qamaqxanasında qaytıs boladı [2:325].

Ámiwdárya bólimindegi qamaqxanalardıń sharayatı, materiallıq támiyinleniwi júdá tómen bolǵan. XIX ásir aqırı – XX ásir basında júzege kelgen ekonomikalıq qıtshılıq jaǵdayında Rossiya mámleket byudjetiniń qárejetlerin azaytıw maqsetinde imperiya qamaqxanalarındaǵı artıqsha shıǵınlardı azaytıwǵa háreket etken. Qamaqtaǵılardı miynetke tartıw arqalı olardı ózin-ózi támiyinlewge ótiwine háreket etken. Bul processten Shımbay hám Petro-Aleksandrovsk qamaqxanaları da shette qalmadı.

1908-1909-jıllarda Túrkstan úlkesin tekseriwge kelgen senator K.K.Palen úlkedegi barlıq qamaqxanalardı senatorlıq diviziyadan ótkeredi. Senatordıń imperator Nikolay II ge bergen esabatı 26 bólimnen ibarat bolıp, onıń XVII bólimi Túrkstan úlkesindegi qamaqxanalardıń jaǵdayı hám mashqalalardı saplastırıwǵa arnalǵan [4:202]. Óziniń esabatında senator Túrkstan úlkesinde qamaqxanalar jaylasqan imaratlardı, ondaǵı rejimdi, qamaqxana xızmetkerleriniń jumısların sınǵa aladı. Máselen, Túrkstandaǵı qamaqxanalardıń ayırımlarınıń imaratları qam gerbishten qurılǵanlıǵın, tóbeleriniń aǵash hám qamıstan islengenligin ayta turıp, bunday orınlardan ayıpkerlerdıń qashıwı ańsatlıǵın belgilep ótken. Senator bunday kemshiliklerdiń kelip shıǵıwı qamaqxana basshılarınıń sawatsızlıǵı, jumıstı jaqsı shólkemlestire almawınan dep kórsetip ótedi.

K.K.Palenniń Petro-Aleksandrovsk qamaqxanası haqqındaǵı esabatları dıqqatqa ılayıq. Palenniń maǵlıwmatı boyınsha, bul qamaqxana talapqa juwap bermeytuǵın, 1880-jıllardıń basında qurılǵan jeke paydalanıwǵa arnalǵan imaratta jaylasqan [4:203]. Imarat qamaqxana ushın arnalmaǵan bolıp, basqa tyurma qurılısı ushın bolsa qarjı jetispegen. Bunday qamaqxanadan adamlardıń qashıp ketiwi tez-tez ushırap turǵan. Mısalı, 1881-1891-jıllardaǵı qozǵalań basshısı Baba Góklen hám onıń bir neshe jigitleri Petro-Aleksandarovsk qamaqxanasınan qashıp ketken [8:213]. Palen Túrkstan qamaqxanalarında tyurma qadaǵalawshıları sanınıń azlıǵın da jazıp ótken. Máselen, 1908-jılı Petro-Aleksandrovsk qamaqxanasında áskeriy qorıqshı narazı bolǵan arestanttı arnawlı karcerge taslaw haqqındaǵı tyurma baslıǵınıń buyrıǵın orınlawdan bas tartqan [4:203]. Sebebi, kamerada arestantlar kóp bolıp, olarǵa qarsılıq kórsetiwge az sanlı áskeriy qorıqshılar ázzi edi. Qamaqxana qárejetleriniń bir bólegin qaplaw ushın, Palen tyurma ishinde ónermentshilik cexların, kishi miynet obyektlerin shólkemlestiriwdi usınıs etken.

Petro-Aleksandrovsk qamaqxanasında Túrkstannıń basqa kóplegen aymaqlarında ushıraǵanınday mashqalalar jeterli bolǵan. Qamaqxanada qosımsha kameralar jetispegen, bir xanada normadan artıq ayıpkerlerdıń saqlanıw jaǵdayları gúzetilgen. Hayal-qızlar ushın arnawlı kameralar bolmaǵan. Tyurmalardıń sanitariyalıq jaǵdayı da maqtawlı bolmaǵan. Senator Palen Túrkstannıń kópshilik qamaqxanalarında monshalardıń joq ekenligin belgilep ótken. Qamaqtaǵılardı azıq-awqat, kiyim-kenshek penen támiyinlew de jaqsı jolǵa qoyılmaǵan. Qamaqxana xızmetkerleri arasında tártiptiń joqlıǵı sonshelli, olar qáwipli jınayatshılardı para esabınan tyurmadan qashıp ketiwine jol qoyıp bergen [4:206]. Qamaqxanalardaǵı bunday mashqalalardı saplastırıw ushın Palen qatań tártipti ornatıw, xizmetkerlerdiń is-háreketlerin tyurma basshılıǵı tárepinen qadaǵalawǵa alıw, basshılardıń ózin bolsa tikkeley walayatlıq hám uezd adminstraciyasına boysındırıwdı usınıs etedi.

Qamaqxana sharayatınıń tómenligi sebepli 1907-jılı may ayında Petro-Aleksandrovsk tyurmasında arestantlardıń ashıq qozǵalańı júz bergen [1:101]. Qamaqxana basshısı Sinyakov bul haqqında Samarqand

okruglik sudına bildiriwinshe, qamaqxanadağı ruslar hám jergilikli xalıq wákilleri birigip, 28-may kúni boysınıwdan bas tartadı. Olarğa tyurmadağı sıyasıy tutqınlar basshılıq etedi. Sol kúni qamaqxanağa kelgen Ámiwdárya bólimi baslığı podpolkovnik Masich penen sudya Ivanovqa arestantlar qamaqxana baslığınıń zorlıq-zombılıqların aytadı hám onı lawazımnan bosatıwdı talap etedi. Qozğalańda qatnasqanlar arasında jergilikli xalıq wákillerinen A.Isaxodjaev, Q.Kalimbetov, S.Bagalov, N.Jubatirov hám basqalar bar edi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, Ámiwdárya bólimindegi qamaqxana sisteması Rossiya imperiyasınıń Qamaqxana bas basqarması quramında bolıp, Túrkstannıń basqa aymaqlarındağı qamaqxanalar sıyaqlı materiallıq támiyinlewi tómen bolğan. Olarğa imperiya byudjetinen qosımsha qarjı ajıratılmağan. Qamaqxanalar imaratları talapqa juwap bermey, kameralar sanı az bolğan, olarda normadan artıq arestantlar saqlanğan. Qamaqxana xizmetkerleriniń sanı az bolıp, olardıń isi jaqsı tártipke salınbağan.

Shımbay hám Petro-Aleksandovsk qamaqxanalarında tiykarınan milliy-azatlıq qozğalańı qatnasıwshıları saqlanğan. Rus xalqı wákilleri tiykarınan súrginge jiberilgen sıyasıy tutqınlardan ibarat bolğan. Xalıq qozğalańları waqtında qamaqxanalar tolıp ketken. Qamaqxanalar jergilikli xalıqtı bağınıshlı etip saqlaw quralı esaplanğan.

Joqarıda kórip shığılğan temanı úyreniw bizge XIX ásirdiń aqırı – XX ásir basında Patsha Rossiyasınıń koloniyallıq sıyasatında qamaqxanalardıń ornın túsinip jetiwimizge járdem beredi. Qaraqalpaq xalqınıń ruslarğa qarsı milliy-azatlıq qozğalańları hám narazılıq háreketlerin úyreniwde bul tema tariyxımız ushın jańa bet ashıp beredi.

## Ádebiyatlar


1. Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2003.
2. Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı. I tom. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1975.
3. Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1989.
4. Maxmudova N.B. XX ásir basındağı Túrkstan úlkesi jazanı orınlaw mákemeleriniń jağdayı. // «Metamorfozi istorii» jurnalı, 2017.
5. Ózbekstannıń jańa tariyxı. I kitap. – Tashkent: «Sharq», 2000.
6. Shebalkov S.V. XIX ásir aqırı – XX ásir basında Rossiya imperiyasındağı qamaqxana sisteması hám qamaq orınları. – Moskva: // «Jas ilimpaz», 2013.
7. Palen K.K. Qamaqxana isi. – Sankt-Peterburg: «Senat», 1910.
8. Mámbetullaev M.,Turebekov M.,Yusupov O. Qaraqalpaqstan tariyxı. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2010.
9. Qaraqalpaq miynetkeshleriniń sociallıq-koloniyallıq eziwshilikke qarsı gúresi. Redaktor S.Kamalov. – Tashkent: «Fan», 1971.